



KOWALISYON SITWAYEN POU SOVE AYITI

Adrès : 191, rue Nicaïsse Delmas 19

Telefòn : (509) 4810-1731/3622-6116/4068-3554

Email : kowalisjonsitwayen@gmail.com

Le 03 Avril 2024

KOMINIKE pou LAPRÈS

KOWALISYON SITWAYEN POU SOVE AYITI salye laprès an jeneral ak tout pèp ayisyen an nan 4 kwen peyi a ak nan diaspora.

Malgre tout zak kraze brize k'ap kontinye nan peyi a k'ap koz soufrans pèp la ap ogmante chak jou pi plis, kowalisyon an sezi wè CARICOM sou dikte gran tenò nan kominote entènasyonal la ap kontinye tèt bese nan yon pwajè gouvènman 9 tèt yo vle enpoze nasyon an ak konplisite yon ti ekip nan klas politik la, san yo pa tandè vwa majorite a k'ap di non wout lawont sa a pap bon pou peyi a. Gras ak matirite politik pèp Ayisyen an kowalisyon ap mande :

1.- Kòm CARICOM se mache komen nan karayib la kote'l jwenn tit ak kalite pou l'ap antre nan dosye politik yon leta nan dimansyon Ayiti ki granmoun tèt li depi plis pase 200 zan ?

2.- Lè nou antre nan fon istwa peyi a ki kote nou janm wè yon Konsèy Prezidansyèl janm rive bay rezilta nan peyi a.

3.- Kiyès ki pral bay Konsèy sa fèy de wout pou'l dirije pèp sa ki deja bay tèt li yon direksyon?

Avèk tout konsta sa yo Kowalisyon Sitwayen Pou Sove Ayiti mande e menm ekzije pou tout aktè ki enplike nan chema tèt anba CARICOM sa a pou yo kanpe sou tout demach sa yo ki vize lage peyi a nan plis tèt chaje, epi moute pi wo toujou degre soufrans popilasyon an.

Lè nou chita sou lespri konstitisyon 1987 la ak plizyè ka jirispridans ki deja bay bon jan rezilta nan peyi a nou mande. Tout vrè fòs peyi a pou'n chita prese prese sou yon konpwomi politik k'ap pèmèt nou chwazi youn nan jij nan kou kasasyon an ki te nome dapre prensip konstitisyon ak lwa peyi a mande sa, epi yon premye minis sou yon baz konsansis pou moute yon gouvènman inyon nasyonal pou mennen bak peyi a.

Nan menm lide sa n'ap mande tout gwoup pati politik ak òganizasyon nan tout peyi a ak nan diaspora ki kwè nan yon solisyon ki respekte lespri konstitisyon 1987 la pou'n chita ansanm nan kad yon Kongrè Istorik pou'n sòti ak dokiman konpwomi politik la nan yon ti tan ki pa twò lwen paske soufrans la red pèp la pa kapab ankò. E konsa dapre prensip dwa gran moun nou peyi ap gen eleksyon pou'n rive gen dirijan lejitim ki pou reponn ak revandikasyon tout pèp ayisyen an alawonbadè.

Pou otantifikasyon :


Nazaire THOMAS

GRANFOS


Evens CIRIL
NOU PAP KONPLIS




Wainor JOSEPH
CPHREN

KOWALISYON SITWAYEN POU SOVE AYITI



Sektè nan sosyete a, ann kriye ansanm nan non zansèt yo, viktwa pou Ayiti pou Ayisyen ka viv nan Diyite.

NON	PATI POLITIK/ OGANIZASYON	DEPATMAN	SIYATI
Nazaire THOMAS	GRANFOS	National	
Erian LUBIN	AGONAD	La Gonâve	Erian Lubin
Herold DELIANNE	COCIRHA	Ouest	Herold DELIANNE
Evens CIRIL	NOU PAP KONPLIS	National	
Elysé SEVERE	OCIDAH	Ouest	Elysé Severe
Denis PIERRE-LOUIS	CPHREN	National	Denis PIERRE-Louis
Jean Michel CADET	PUNOPEP	National	Jean Michel cadet
Edrice LEANDRE	KOZE PEYI	Ouest	LEANDRE EDRICE
Gustave Jn PIERRE	CEVPHA		Gustave Jn Pierre
Jean Renel DEMEUS	POCOPH		Jean Renel Demous
Gérard NOEL	ACPEC		Gerard Noël
Chrissoit VEILLARD	PA.P.A	National	Crissot Veillard
Wisner NICOLAS	BACKUP PEYIZAN	Nord-Est	Wisner Nicolas
Arnold DOCTEUR	RACEH	Nord-Est	Arnold Docteur
Frandy JONKA	ODECLE	Nor-Est	Jonka Frandy
Franklin DIEUNE	ORDEDH	Ouest	Franklin Dieune
Ary SAINT JEAN	MJRCH	National	Ary SAINT JEAN
Saint Melus MORANCY	VLG	La Gonâve	Morancey Saint M
Georges KALIN	CRUGN		Georges Kalin
Micheline JOSEPH	OFIM	Mirebalais	Micheline Joseph

KOWALISYON SITWAYEN POU SOVE AYITI



Stéphanie CHARLES	OFVDS	Sud	Stephanie CHARLES
Minouche PIRRUS	OJD19	l'Artibonite	Minouche PIRRUS
Raymonde FRANCOIS	UFV1SD	l'Artibonite	Raymonde FRANÇOIS
Kesnel PIERRE	MIVDED		Kesnel PIERRE
Dieumatel JULES	APLON	Nord-Ouest	JULES Dieumatel
Orlando LYSIAS	HAITI SE NOU	Ouest	Orlando Lysias
Michelson JOASSAINT	PORAPES	Sud-Est	Michelson Joassaint
Wisline PAUL	A.J.C	Ouest	Wisline Paul
Bichelson ANTOINE	A.J.D.S	Ouest	Bichelson ANTOINE
Delikson ST FLEUR	FCT	Ouest	Delikson ST FLEUR
Guinodes CHARLES	FCJ	Ouest	Antoine MARK Guildoph
Antoine Mark Guildoph	LFJC	Ouest	Antoine Mark Guildoph
Kimberly JEAN JACQUES	CJCM	Ouest	Kimberly JEAN JACQUES
Alain PERARD	CNBM	l'Artibonite	ALAIN PERARD
Gesner MERTYL	MOJAPM	l'Artibonite	Gesner MERTYL
Joseph CHARLES	ACM	l'Artibonite	Joseph Charles
Luckenson LUCAS	AEM	l'Artibonite	Luckenson LUCAS
Martes JACQUES	OJAD'H	l'Artibonite	Martes JACQUES
Jean Claude VALCOURT	OPDAM	l'Artibonite	Jean Claude Valcourt
Djoubellekie HENRY	AJCM	l'Artibonite	Djoubellekie HENRI
Ivonise BASILE	AFKM	l'Artibonite	Ivonise BAZILE
Helene SAINT JULES	POFACOM	l'Artibonite	Helene SAINT JULES
Jean ESTIMABLE	APPB	l'Artibonite	Jean Estimable
Wackens TRANSTAMAR	CCC	l'Artibonite	Wackens TRANSTAMAR

